



Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PRAL PWOLONJE MORATWA SOU EKSPILSYON KI GEN RAPÒ AK COVID YO JISKA 20 OUT

Eta a ap entèdi Pèman anreta oswa frè pou pèman lwaye rate pandan moratwa ekspilasyon an epi pèmèt lokatè yo ki ap fè fas ak difikilte finansye pou yo itilize depo garanti kòm pèman.

Inisyativ Nouri New York la ki evalye a 25 milyon dola deja ede prèske 50 bank alimantè, plis pase 2,100 fèm New York ak plis pase 20,000 fanmi atravè eta a

Rezilta Sondaj antikò Eta a sou travayè swen sante yo montre to enfeksyon pami travayè swen sante yo se apeprè menm bagay oswa pi ba pase popilasyon jeneral la

Konfime 3,491 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 327,469; gen nouvo ka nan 47 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo pral pwolonje moratwa eta a sou ekspilasyon rezidansyèl oswa komèsyal ki gen rapò ak COVID yo pou 60 jou anplis jiska 20 out. Gouvènè a te anonse tou eta a ap entèdi pèman anreta oswa frè pou pèman lwaye rate pandan moratwa ekspilasyon an, epi pèmèt lokatè ki ap fè fas ak difikilte finansye akòz COVID-19 yo sèvi ak depo garanti pa yo kòm pèman epi ranbouse depo garanti yo avèk letan.

Gouvènè Cuomo te anonse tou Inisyativ Nouri New York (Nourish New York Initiative) ki estime a 25 milyon dola deja achte manje ak pwodwi ki soti nan plis pase 2,100 fèm nan New York epi li deja bay sipò a prèske 50 bank alimantè, soup popilè ak gad-manje kominotè jiska dat. Nan semèn pwochèn, plis pase 20,000 fanmi toupatou nan eta a pral resevwa pwodwi Nouri New York yo. Inisyativ Nouri New York, ke Gouvènè a te anonse nan dat 27 avril, a bay soulajman nan achte manje ak pwodwi ki soti nan jaden nan Nò Eta a epi dirije yo bay popilasyon ki gen plis nesosite pou yo atravè rezo bank alimantè New York yo. Eta a ap mande tout filantwòf oswa fondasyon tou ki ta renmen ede bank alimantè yo pou kontakte COVIDPhilanthropies@exec.ny.gov.

Gouvènè a te anonse tou rezilta sondaj tès antikò eta a pou travayè swen sante. Sondaj la te teste apeprè 27,000 anplwaye ki soti nan 25 etablisman swen sante nan rejyon sid yo epi yo te jwenn to enfeksyon pami travayè swen sante yo se apeprè menm bagay oswa pi ba pase popilasyon jeneral la.

- 6.8 pousan travayè swen sante yo nan Konte Westchester te teste pozitif pou antikò COVID-19 yo, konpare ak 13.8 pousan popilasyon jeneral nan Konte Westchester
- 12.2 pousan travayè swen sante yo nan Vil New York te teste pozitif pou antikò COVID-19 yo, konpare ak 19.9 pousan popilasyon jeneral nan Vil New York
- 11.1 pousan travayè swen sante yo nan Long Island te teste pozitif pou antikò COVID-19 yo, konpare ak 11.4 pousan popilasyon jeneral nan Long Island

"Pandan moman sa yo ki ekstrèmman difisil epi ki chaje ak strès, nou dwe pwoteje Nouyòkè yo ki ap fè fas ak difikilte finansye akòz COVID-19 la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Majorite moun ki nan eta a ap bat dlo pou fè bè (viv salè an salè), epi toudenkou yo sispann salè moun sa yo, men yo toujou voye bòdwo lwaye ba yo. Nan mwa mas la nou te pibliye yon moratwa sou tout ekspilasyon rezidansyèl ak komèsyal, e nou pral pwolonje moratwa sa a jiska 20 out pou soulaje Nouyòkè yo ki ap bebat."

Finalman, Gouvènè a te konfime 3,491 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 327,469 ka konfime nan Eta New York. Nan total 327,469 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,348	27
Allegany	35	0
Broome	360	15
Cattaraugus	59	5
Cayuga	52	1
Chautauqua	40	2
Chemung	129	1
Chenango	105	3
Clinton	69	0
Columbia	302	11
Cortland	29	1
Delaware	63	1
Dutchess	3,233	41
Erie	4,136	128
Essex	30	0
Franklin	16	0
Fulton	101	1
Genesee	168	6
Greene	198	10
Hamilton	5	0
Herkimer	74	6

Jefferson	64	1
Lewis	10	1
Livingston	95	6
Madison	246	15
Monroe	1,688	33
Montgomery	63	0
Nassau	37,593	243
Niagara	588	39
NYC	180,216	1,865
Oneida	609	30
Onondaga	1,115	59
Ontario	101	2
Orange	9,328	113
Orleans	108	5
Oswego	70	0
Otsego	67	0
Putnam	1,066	26
Rensselaer	367	20
Rockland	12,280	76
Saratoga	374	3
Schenectady	551	0
Schoharie	45	0
Schuyler	7	0
Seneca	46	0
St. Lawrence	181	1
Steuben	224	1
Suffolk	35,892	349
Sullivan	1,021	25
Tioga	97	1
Tompkins	130	1
Ulster	1,416	33
Warren	193	0
Washington	190	1
Wayne	78	0
Westchester	30,708	282
Wyoming	71	1
Yates	19	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)